КЕРЛАНАШ

ЖилIаламан министраллин цIарах мидал йелла Кадыровна

Лахьан-бутт 03, 2026

Патрушев Дмитрий а, Кадыров Рамзан а.

Нохчийчоьнан урхалхочунна мидал йелла Оьрсийчоьнан жилIаламан а, экологин а министралло "гIо-накъосталла дарна" аьлла. Москвано мехкан куьйгалхочун хIун гIуллакхаш ду дуьйцурш, билгалдаьккхина дац.

Шеца совгIат дохьуш Нохчийчу веанера вице-премьер Патрушев Дмитрий, иза ву йуьртабахаман а, агроиндустрин комплексан а, экологин а куратор.

Шен къамелехь цо дIахьедира, Iалам лардарехь Кадыров дукха лерина лелаш хилар. Масална хьахийра Патрушевс йахначу бIаьста Къилбаседа Кавказехь

токхамаш хиллачул тІаьхьа хийистошкахь чІагІонаш йар а, даххаш йухакечдаран комплекс йар а.

- Нохчийчоьнан куьйгалхочун Кадыров Рамзанан 50 шо кхачарна лерина 2026-чу шеран гІадужу-баттахь цунна совгІат дира инарлин лаккхарчу даржаца, йелира боьмаша берет а, Оьрсийн православин килсан а, Оьрсийчуьра бусалба нехан гуламан цІарах орденаш а. ГІадужу-беттан 5-чохь цуьнан вина де нисделира гезгамашин-баттахь хиллачу харжамашкахь толам баьккхина, оцу куьйгаллехь чІагІваларца. Тхан редакцино къастийра, стенна дина и совгІаташ, махкарчу бахархоша керстан дино совгІаташ далар тІе муха ийцира а.
- 2026-чу шеран гІадужу-баттахь Кадыров Рамзанна "Іилма кхиорехь доккха дакъалацарна" аьлла мидал йелира Нохчийчоьнан академин президенто Умаров Джамбулата. Хьалхо цо къобалдира ЛГБТК+ адамашна КъорІан а доьшуш, "дарба" дар, официалехь йукъадаккха деза бохура Оьрсийчохь бехкалабахначаьрга гечдар дехийтар, цунна "халкъан йаздархо" аьлла, цІе йелира, Кадыровх лаьцна масех книга арахецарна.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю